# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–01 अप्रैल 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ नगर निगम क बढ़ियां कूड़ा प्रबंधन बदे पर्यावरण अनुकूल हरित ऊर्जा से संचालित दुइ सौ पचास इलेक्ट्रिक आ सीएनजी गाड़ियन के फ्लैग ऑफ कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि ई नया इलेक्ट्रिक गाड़ी डोर–टू–डोर कूड़ा प्रबंधन से जुड़ि के स्वच्छता व्यवस्था के अउरियो मजबूत करिहें। सथहीं लखनऊ के क्लिन सिटी, ग्रीन सिटी के रूप में बिकतिस कइले में खास भूमिका निभइहें। उहां के कहलीं कि नवनिर्माण क नौ सालि में लखनऊओ स्वच्छता रैंकिंग में देस के अन्दर टॉप थ्री में सामिल भइल बा।

***इलेक्ट्रिक बस सेवा जिसको विस्तार देने का कार्य हो रहा है। शहर से शहर को जोड़ने के लिये, सेटेलाइट सिटी को इलेक्ट्रिक बस सेवा से जोड़ने के कार्य हो रहे हैं। इलेक्ट्रिक बस अब लखनऊ में ही बन रही है।***

मुख्यमंत्री कहलें कि प्रभु श्रीराम क नगरी अजोध्या सोलर सिटी के रूप में बिकसित हो गइल हौ। लखनऊओ में येही तरियन सोलर पैनल लगा के कार आगे बढ़ावल जा रहल बा।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेस में फार्मर रजिस्ट्री के बड़हन स्तर पर लागू कइले क निरदेस दिहले हवें। लखनऊ में आजु भइल समीक्षा बइठकी में मुख्यमंत्री अधिकारियन के हर ग्राम पंचायत में बिसेस सिविर आयोजित कइ के किसानन क फार्मर रजिस्ट्री से जोड़ले क निरदेस दिहलें। श्री योगी कहलें कि प्रदेस सरकार फार्मर रजिस्ट्री के कृषि क्षेत्र में एकीकृत लाभ वितरण प्रणाली के रूप में बिकसित कइ रहलि हौ। एहसे किसानन के योजनन क लाभ एक्के पहिचान के आधार पर व्यवस्थित तरीका से मिलि सकी।

**********

नया वित्त बरिस के पहिला दिन्ने आजु से आयकर अधिनियम–दुइ हजार पचीस लागू हो गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

***नए वित्त वर्ष के पहले दिन आज आयकर अधिनियम– 2025 ने छह दशक से भी अधिक पुराने आयकर अधिनियम 1961 स्थान ले लिया है। इसे पुराने प्रावधानों को हटाकर, जटिल नियमों को सुव्यवस्थित करके और करदाताओं के लिए अनुपालन को अधिक सरल बनाकर कर प्रणाली को आसन बनाने के उद्देश्य से तैयार किया गया है। भारतीय रिजर्व बैंक के निर्देशानुसार से देश में सभी डिजिटल भुगतान लेनदेन के लिए टू–फैक्टर ऑथेंटिकेशन के मानदंडों को पूरा करना आज से अनिवार्य होगा। वित्तीय वर्ष 2026–27 के लिए फास्ट टैक वार्षिक पास का संशोधित शुल्क भी आज से लागू होगा। अनुपम मिश्र के साथ अंकित कुमार, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।***

**********

आजु से प्रदेस के सज्जो जिलन में बिसेस संचारी रोग नियंत्रण अभियान क सुरूआति हो गइल। चिकित्सा आ स्वास्थ्य विभाग के सथहीं इग्यारह विभाग आपस में तालमेल बना के एक महिन्ना ले ई अभियान चलइहें। येह दौरान दस अपरैल से तीस अपरैल ले दस्तक अभियान चलावल जाई, जेहमें स्वास्थ्य कार्यकरता घरे–घरे दस्तक दे के कई गो बेमारियन के लक्षण वाला मरीजन के सूचीबद्ध करिहें।

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री आ स्वास्थ्य मंत्री ब्रजेश पाठक लखनऊ के बलरामपुर चिकित्सालय से आजु बिसेस संचारी रोग नियंत्रण अभियान आ दस्तक अभियान क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर उहां के जागरूकता रैली के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलीं। गोरखपुर में ओइजा क महापौर डॉक्टर मंगलेश श्रीवास्तव आ जिलाधिकारी दीपक मीणा अभियान के उद्घाटन मौका पर मौजूद लोगिन के संचारी रोगन से बचाव में जोगदान क सपथ दियवलें।

मऊ आ बस्ती के सथहीं प्रदेस के कई गो अउरियो जिलन में जनप्रतिनिधि आ अधिकारी लोगि अभियान के उद्घाटन कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें।

**********

प्रदेस के सज्जो जिलन में आजु से स्कूल चलो अभियान क सुरूआति हो गइल। येह अभियान के दौरान अभिभावकन के अपने लइकन के स्कूल भेजे बदे प्रेरित कइल जाला। बलरामपुर, श्रावस्ती, चित्रकूट, बस्ती आ जौनपुर के सथहीं अउरियो जिलन में अभियान के उद्घाटन मौका पर स्कूली लइके आ सिक्षक लोगि जनजागरूकता रैली निकारि के लोगिन के बिच्चे सिक्षा के महातम क सनेसा दिहलें।

**********

आईपीएल क्रिकेट–दुइ हजार छब्बीस के तहत आजु अबसे कुछु देर बादे दिल्ली कैपिटल्स आ लखनऊ सुपर जायंट्स के बिच्चे लखनऊ के इकाना स्टेडियम में मोकाबिला होई। एगो रिपोर्ट–

***मैच को देखते हुए इकाना स्टेडियम के आसपास लखनऊ ट्रैफिक पुलिस ने रूट डायवर्जन लागू किया है। शाम को मैच 7.30 बजे शुरू होगा। लखनऊ मेट्रो की सेवाएं रात में 12.30 बजे तक संचालित रहेंगी जिससे क्रिकेट मैच देखकर लौटने वाले दर्शकों को कोई परेशानी ना हो। मुमताज अली आकाशवाणी समाचार लखनऊ।***

**********

मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में आजु कहीं–कहीं बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग येह इलाका में बिजुली गिरले आ तेज झोंकेदार बेयारियो चलले क चेतावनी दिहले बा। येह बिच्चे प्रदेस के कई जिलन में कालि्ह देर संझा से मौसम क मिजाज बदलि गइल। सहारनपुर, हमीरपुर, लखनऊ, जौनपुर आ कौशाम्बी के सथहीं कई गो अउरियो जिलन में कालि्ह आ आजु हल्लुक से ले के मध्यम बरखा भइल। प्रदेस के पूरबी जिलनों में कुछु जगहिनि पर आजु तड़के बूंदाबांदी दरज कइल गइल।

**********